

**KALANDRIYE ESKOLÈ 2009/2010**  
**11 mas 2009**

Kalandriye ane akademik sa a egzije pou lekòl yo kòmanse fonksyone pou tout elèv mèkredi 9 septanm 2009, epi li gen yon vakans mitan ivè (Lendi 15 fevriye rive vandredi 19 fevriye). Li enfòm nan Madi, 3 Novanm 2009 ak nan Jedi, 10 Jen 2010, **PA** gen lekòl pou elèv nan tout senk borough yo, men jou sa yo, yo planifye yon jounen Konferans Chanselye a ki gen rapò avèk nòm aprantisaj siperyè *Regents* ak evalyasyonnan lekòl nan tout senk *borough* yo pou fòmasyon anplwaye . Tout lekòl san eksepsyon dwe respekte kalandriye sa a, amwenske yo voye avize yo osijè lòt chanjman dapre akò pou negosyasyon kolektif oswa pou lòt rezon, amwenske lòt rezon sa yo pa adapte ak negosyasyon kolektif oswa obligasyon legal yo.

*Premye chanjman an ki fèt la se nan Madi, 8 septanm 2009, pwofesè ak lòt anplwaye jan nou di l pi wo a ap tounen travay jou sa a. Dezyèm chanjman an se nan Mèkredi 9 septanm, yo fikse jou sa a kòm premye jou lekòl pou tout elèv. Dènye chanjman an se nan lendi 28 jen 2010, yo fikse jou sa a kòm dènye jou lekòl pou tout elèv.*

**2009**

Out:	31, Lendi	Anplwaye sa yo fèt pou la Asistan direktè ak sipèvizè entèmedyè nan lekòl yo ki pa oblije travay anplis pandan ane a.
Septanm:	7, Lendi	Fèt Travay (Labor Day)
Septanm:	8, Madi	Pwofesè salklas, pwofesè bileng nan lekòl ak nan relasyon kominotè, konseye pedagogik, pwofesè ki pran prezans, enfimyè, terapis, espesyalis laboratwa ak teknisyen, èd pwofesè (esepte pou sekretè lekòl, sikològ ak travayè sosyal) dwe la. Sekretè lekòl, sikològ ak travayè sosyal dwe la pou yon jounen travay nòmal. Anplwaye ki pa gen tit yo sou lis la fèt pou konsilte akò negosyasyon kolektif ki pale sou sa a. Pou tout anplwaye UFT reprezante ki, dapre kontra 22 jen 2009, dwe ale lekòl nan Madi apre Jou travay, yo dwe itilize jou sa a toudabò pou prepare salklas ak pou arive elèv yo. Si yo jwenn tan, yo ka itilize rès jounen an pou fòmasyon pwofesyonèl. Pa gen lekòl pou elèv.
Septanm:	9, Mèkredi	SESYON LEKÒL YO KÒMANSE POU TOUT ELÈV.* LEKÒL LAGE BONÈ SÈLMAN POU ELÈV MATÈNÈL KI PA NAN DISTRI 75.
Septanm:	10, Jedi	Lekòl lage bonè sèlman pou elèv matènèl ki pa nan distri 75
Septanm:	28, Lendi	Yom Kippur
Oktòb	12, Lendi	Jou dekouvèt <i>Columbus Day</i>
Novanm	3, Madi	Jou eleksyon Jounen Konferans Chanselye a ki gen rapò ak Nòm Aprantisaj elve <i>Regents</i> ak Evalyasyon <i>Regents High Learning Standards and Assessments</i> pou fòmasyon estaf . Pa gen lekòl pou elèv.
Novanm	11, Mèkredi	Jou Veteran
Novanm Novanm	26, Jedi ak 27, Vandredi	Vakans jou aksyongras <i>Thanksgiving</i>
Desanm	24, Jedi rive	Vakans fen ane (Nwèl ak Joudlan), elèv yo retounen lekòl nan Lendi 4 janvyè 2010.
Janvyè	1, Vandredi	

\* Y ap soumèt yon kalandriye apa pou elèv ki nan klas prematènèl

## 2010

Janvyè	18,	Lendi	Jou konje Dr. Martin Luther King Jr
Fevriye	1,	Lendi	Fen Tèm Otòn pou elèv lekòl segondè <b>PA</b> gen lekòl pou elèv <b>SEGONDÈ</b> Jounen Konferans Chanselye a pou fòmasyon anplwaye nan <b>TOUT</b> lekòl <b>SEGONDÈ</b> Tout lòt elèv ap vin lekòl (Gade nan seksyon 7 pi ba a pou gen detay sou prezans elèv lekòl segondè 1 fevriye.)
Fevriye	2,	Madi	Sesyon prentan kòmanse pou elèv lekòl <b>SEGONDÈ</b>
Fevriye Fevriye	15, 19,	Lendi rive Vandredi	Vakans nan mitan ivè a (ladan Anivèsè Washington)
Mas Avril	29, 6,	Lendi rive Madi	Vakans prentan (ladan Vandredi sen, Dimanch Pak ak <i>Passover</i> ); elèv retounen lekòl mèkredi 7 Avril.
Me	31,	Lendi	Jou komemorasyon <i>Memorial Day</i> Pa gen lekòl
Jen	10,	Jedi	Jounen Konferans Chanselye a ki gen rapò ak Nòm Aprantisaj elve <i>Regents</i> ak Evalyasyon <i>Regents High Learning Standards and Assessments</i> pou fòmasyon estaf . Anplwaye lekòl yo dwe prezante nan travay si se sa yo egzije nan akò negosyasyon kolektif la. PA GEN lekòl pou elèv NAN TOUT SENK <i>BOROUGH</i> yo
Jen	24,	Jedi	Nan lekòl segondè ki pa nan Distri 75 ki dwe bay Egzamen <i>Regents</i> yo sòti 15 jen rive 23 jen, p ap gen lekòl pou elèv yo jedi 24 jen, jou y ap korije egzamen <i>Regents</i> yo.
Jen	28,	Lendi	<b>DÈNYE JOU POU TOUT ELÈV</b> Selon règleman ki nan Seksyon 13 ki pi ba a, y ap gen pou planifye pou elèv yo kite pi bonè nan ledi 28 jen. Dènye jou pou tout pwofesè salklas, pwofesè bileng nan lekòl ak nan relasyon kominotè, pwofesè pou prezans, enfimyè, terapis, espesyalis laboratwa ak teknisyen, epi dènye jou pou parapwofesyonèl
Jen Jen	29, 30,	Jedi ak Mèkredi	Tout lòt anplwaye dwe la, <b>eksepte</b> pwofesè saldeklas, pwofesè bileng nan lekòl ak nan relasyon kominotè, pwofesè pou prezans, enfimyè, terapis, espesyalis laboratwa ak teknisyen ak parapwofesyonèl

Kalandriye akademik la gen antant sa yo ladan:

1. 1. Fòk yo fè de Jounen Konferans Chanselye pou fòmasyon anplwaye sou Nòm siperyè *Regents* lan ak evalyasyon (lekòl primè, lekòl presegondè ak lekòl segondè 3 Novanm ak 10 Jen),
2. Kalandriye sa a pa anpeche yo fè chanjman apre, ki ka fèt selon akò negosyasyon kolektif yo oswa pou lòt rezon; sepandan, kalandriye sa a oswa chanjman ki vin fèt annapre yo, pa kapab, nan okenn sikonstans, lakoz yo pèdi èd leta;
3. Tout demand pou sesyon pi kout ki lakoz yo ranvwaye elèv yo pi bonè ak nenpòt ki lòt chanjman nan kalandriye sa a dwe ale nan <http://schools.nyc.gov/Calendar/changerequests.htm>. Apre yo fin jwenn apwobasyon, yo dwe avize paran yo 4 semenn anvan;
4. Chanselye a fèt pou l itilize otorite li resevwa dapre lalwa, lè yon lekòl pa respekte kalandriye ane akademik pou vil la, lè yon lekòl fèmen oswa fè sesyon l yo pi kout (jan l defini nan seksyon 9 ki pi ba a) san l pa resevwa otorizasyon alavans

Nou dwe sonje bagay sa yo tou

5. .Kalandriye pou ane akademik 2009-2010 la satisfè egzijans Depatman Edikasyon Eta ki mande pou tout lekòl nan Distri Lekòl Vil la travay yon minimòm 180 jou.

6. Tout lekòl nan vil la ap ouvri Jou Eleksyon, madi, 3 novanm 2009 ak Jedi, 10 jen 2010, pou yon Jounen Konferans Chanselye pou fòm anplwaye pou travay sou nòm ofisyèl aprantisaj siperyè ak evalyasyon *Regents*. Nan toude jou sa yo, pa gen lekòl pou elèv nan tout senk *borough* yo.
7. Tout lekòl segondè ap mete lendi 1ye fevriye kòm jou pou fòmasyon pwofesyonèl. . Pa p gen lekòl pou okenn elèv klas segondè, eksepte pou elèv nivo klas segondè nan Distri 75 (elèv sa yo ap vin lekòl 1ye fevriye).. Tèm prentan pou lekòl segondè ap kòmanse madi 2 fevriye ki se yon jounen antye ansèyman.
8. Tout lekòl ap ouvri vandredi 12 fevriye 2010, epi gen lekòl pou elèv.
9. Akoz Jounen Konferans pwofesyonèl/Chanselye a, sesyon ki vin pi kout poutèt divès rezon, ak Jounen *Regents* yo, kantite total jou ansèyman yo (jou lè elèv gen pou ale lekòl) kapab diferan avèk kantite jou eta a mande pou lekòl ouvri. Yon sesyon ki pi kout se nenpòt jou lè lekòl travay pou elèv matènèl rive klas 6yèm ane, pou mwens pase 5 èdtan ansèyman, san konte lè manje midi ak sesyon 37,5 minit anplis la pou elèv ki bezwen an, oubyen nenpòt jou lekòl travay pou elèv klas 7yèm ane ak nivo pi wo yo pou mwens pase 5.5 èdtan ansèyman, san konte lè manje midi ak sesyon 37,5 minit anplis la pou elèv ki bezwen.
10. Yo mete Konferans Chanselye a/Jou Ekzamen *Regents* lè yo kalkile kantite jou lekòl ouvri nan yon ane akademik. Dapre Règleman Komisyonè a, Jounen Konferans Chanselye yo ka gen ladan yo oryantasyon jeneral pou anplwaye, devlopman kourikolòm, edikasyon sou travay, oswa konferans paran-pwofesè. Yo pa kapab mete zafè woutin administrasyon tankou evalyasyon egzamen oubyen devwa elèv, konsèvasyon dosye oubyen plan leson.
11. Anpati, kalandriye akademik la konsidere sesyon kout sa yo ke biwo santral la planifye pou tout vil la: de sesyon kout pou Konferans paran-pwofesè (youn nan tèm otòn ak youn nan tèm prentan an), ak lòt sesyon yo fè pi kout pou tout vil la. Yo pral voye avi separe konsènan tout sesyon kout sa yo biwo santral la planifye pou tout vil la. Selon pwosedi ki nan Seksyon 13 ki pi ba a, lekòl ap lage bonè dènye jou lekòl la.
12. Nan lekòl segondè ki pa nan Distri 75 ki bay Egzamen *Regents* sòti 15 jen rive 23 jen, p ap gen lekòl pou elèv jou y ap korije egzamen *Regents* yo jedi 24 jen.
13. Konsènan lekòl k ap lage bonè dènye jou lekòl la (lendi 28 jen 2010), yo dwe anrejistre jou a kòm yon jou enstriksyon nòmal pou Rapò Peryòd Prezans la, epi lekòl fèt pou respekte prensip sa yo: Elèv dwe ale lekòl, yo dwe kontwòle prezans elèv yo, se pou yo anrejistre epi rapòte prezans lan kòm yon pati prezans yo pran chak jou, epi elèv yo dwe resevwa ansèyman ak/oubyen asistans, lè li nesèsè. Lekòl yo dwe voye avi ba paran ak Biwo pou transpò elèv omwen 4 semèn alavans, konsènan lè presi yo mete pou yo lage lekòl bonè nan lokal yo a.
14. Pou evite riske yon diminisyon nan Èd Eta a, epi pou limite efè a sou orè otobis pou elèv yo, lekòl yo pa p fèmen ni planifye sesyon kout (jan l defini nan seksyon 9 pi wo a) san otorizasyon alavans. Anvan yo fè demann lan, atan, yo ta dwe konsidere bagay sa yo: Nan semèn kote gen demann pou yon sèl sesyon kout pou Matènèl rive 6yèm ane, lekòl la dwe toujou kontinye anseye elèv pandan 25 èdtan san konte lè manje midi ak sesyon 37,5 minit anplis pou elèv ki bezwen. Lè yo planifye yon sesyon kout pandan yon semèn ki gen 4 jou (paegzanp lè gen yon konje nan semèn lan), lekòl la dwe toujou kontinye anseye elèv pandan 20 èdtan san konte lè manje midi ak sesyon 37,5 minit anplis pou elèv ki bezwen. Ou ka jwenn plis eklèsisman ak enfòmasyon sou eksepsyon ki genyen yo, si w mande
15. Lè nan yon semèn, san konte lè manje midi ak sesyon anplis 37,5 minit pou elèv ki bezwen, yo planifye 25 èdtan ansèyman pou elèv matènèl rive klas 6yèm ane, oubyen 20 èdtan nan yon semèn ki gen 4 jou, epi yo apwouve yon sesyon kout, lekòl yo ka endike sesyon kout sa a kòm yon jou regilye ansèyman pou Rapò sou prezans pou peryòd la. Pou elèv ki nan klas 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, gade Seksyon 16 ki pi ba a.
16. Konsènan 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, jeneralman yon sesyon kout vle di lekòl la ap fonksyone pandan mwens pase 27,5 èdtan minimòm yo egzije a nan yon semèn, san konte lè manje midi ak 37,5 minit anplis pou elèv ki bezwen. Donk, prèske nan tout sikonstans, yo dwe konsidere yon sesyon kout yo apwouve pou 7yèm ane ak klas ki vin apre yo, kòm yon jou kote yo pa anseye poutèt Rapò sou Prezans pou peryòd la. .Eksepte dènye jou lekòl la, lendi, 28 jen 2010, dapre egzijans seksyon 13 pi wo a, yo dwe mete jou sa a kòm yon jounen ansèyman nan Rapò sou Prezans pou peryòd la.

17. **Pou klas matènèl ki pa nan Distri 75**, gen 182 jou pou lekòl ouvri nan ane a (181 jou ansèyman).
18. **Pou klas matènèl rive klas 6yèm ane nan Distri 75, ak tout klas 1ye ane rive klas 6yèm ane**, gen 184 jou pou lekòl ouvri nan ane a (181 jou ansèyman)
19. **Pou klas 7yèm ak 8yèm ane onivo vil la, ak klas 9yèm ane nan lekòl pre-segondè (lekòl Distri 75 yo tou)**, gen 183 jou pou lekòl ouvri nan ane a (181 jou ansèyman)
20. **Pou lekòl nivo segondè klas 9yèm ane rive klas 12yèm ane**, gen 184 jou pou lekòl ouvri nan ane a onivo tout *borough* yo (ak 182 jou nan Distri 75), 179 jou pou anseye elèv (nan Distri 75, yo anseye elèv pandan 181 jou).
21. Aktivite pou fòmasyon pwofesyonèl dwe vize bezwen ki esansyèl oubyen bezwen ki gen gwo priyorite, ladan, aplikasyon nouvo metòd entegral ansèyman nan domèn *literacy* ak Matematik atravè sistèm lan dapre Refòm ki rele Inisyativ Timoun dabò *Children First Initiative*, entèkansyon ak prevansyon vyolans nan lekòl, aplikasyon seri sèvis *Continuum* pou elèv ki gen andikap, estanda pèfòmans, edikasyon nan domèn syans, evalyasyon, etc., etandone yo gen rapò avèk edikasyon jeneral, edikasyon espesyal ak edikasyon bileng. Dwe gen yon konsantrasyon apwopriye sou Nòm ofisyèl aprantisaj siperyè ak evalyasyon *Regents* yo jan yo di sa nan seksyon 1 pi wo a.
22. P ap gen lekòl Jou Fèt travay *Labor Day*, Yom Kippur, Jou dekouvèt Lamerik *Columbus Day*, Jou veteran *Veterans Day*, Jou aksyondegras *Thanksgiving Day* ak jou ki vin apre Jou aksyondegras la, Vakans Ivè (Jedi 24 desanm rive Vandredi1ye janvyè; ladan jou Nwèl ak Joudlan), Jou Dr. Martin Luther King, Jr., Vakans nan mitan Ivè (15 fevriye rive 19 fevriye, ladan Jou Anivèsè Washington), Vakans Prentan (29 mas rive 6 avril, ladan Vandredi Sen, Pak ak *Passover*), ak Jou komemorasyon *Memorial Day*. Nan Madi, 3 novanm 2009 (Jou eleksyon), ak nan Jedi, 10 jen 2010 (Jou Anivèsè), yo planifye yon Jounen Konferans Chanselye a pou fòme anplwaye sou nòm siperyè aprantisaj ak evalyasyon *Regents* nan tout senk *borough* yo. PA GEN lekòl pou elèv NAN TOUT SENK *BOROUGH* yo nan okenn nan jou sa yo. (Dapre seksyon 2586 Lwa sou Edikasyon, jou anivèsè *Anniversary Day* se premye jedi mwa jen oswa dezyèm jedi mwa jen lè premye jedi a tonbe nan menm semèn avèk *Memorial Day*.)
23. Nou chita pale osijè mizanplas kalandriye eskolè a avèk sipèentandan *superintendent* yo, reprezantan paran yo, Komite lekòl prive yo, ak reprezantan apwopriye sendika anplwaye yo pou akò kolektif.